

Bilten pou Pwopriyetè yo – Oktòb 2021

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay pwopriyetè edifis rezidansyèl yo mizajou tanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon konsènan materyèl ak resous ki disponib pou bay konkou ak Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) nan Vil New York la, Lwa sou Plizyè Lojman (Multiple Dwelling Law) nan Eta New York la ak lòt kòd minisipal ki genyen pou wè ak sa. Ale sou [sit entènèt HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo, se pa yon deskripsyon konplè ni final sou tout responsabiltè pwopriyetè kay ak lokatè dapre lalwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.

Sezon Chalè a te Kòmanse premye (1^{ye}) Oktòb

Dapre Atik 27-2029 [Kòd Antretyen Lojman](#), pwopriyetè edifis rezidansyèl yo genyen egzijans legal pou founi lokatè yo chofaj. **Yo dwe founi chofaj ant premye (1^{ye}) Oktòb ak 31 Me, nan kondisyon sa yo:**

Lajounen

Ant 6è:00 nan maten ak 10è:00 nan aswè, si tanperati deyò a pi ba pase 55º Farenay, tanperati andedan an sipoze omwens 68º Farenay.

Lannwit

Ant 6è:00 nan maten ak 10è:00 nan aswè, si tanperati deyò a pi ba pase 55º Farenay, tanperati andedan an sipoze omwens 68º Farenay.

Rapò Anyèl sou Pinèz

Pwopriyetè imèb kolektif la(yo) oblije:

- Depoze yon Rapò Anyèl sou Pinèz kote HPD a chak ane ant premye (1^{ye}) Desanm ak 31 Desanm. **Gade anba a enfòmasyon detaye sou sa ou dwe depoze ak kòman pou depoze li. Rapò sa ta dwe pran ant 5 a 10 minit pou depoze.**
 - **Nòt** Si imèb la pa anrejistre ak HPD ak yon rejis ki genyen dat ekspirasyon jiska **31 Out 2022**, ou pa pral kapab depoze rapò a. Pwopriyetè yo kapab anrejistre lè yo vizite [Sistèm Anliy Pwopriyete a \(Property Registration Online System, PROS\)](#), nan konplete fòm sa, peye nenpòt frè yo mande epi voye fòm enskripsyon an ba HPD.
- Apre pwopriyetè a fin depoze rapò a epi resevwa resi HPD a, li oblije:
 - founi lokatè yo resi HPD a nan moman kontra a kòmanse oswa yo renouvle l OSWA afiche rapò a yon kote piblik kote moun kapab wè li nan lojman kolektif la ;
 - konsève yon tras sou kòman yo te founi lokatè yo rapò a;

- distribiye oswa afiche yon kopi Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) [Avi Enfòmasyon sou Pinèz](#). Avi sa a dwe founi enfòmasyon sou prevansyon, deteksyon ak fason pou retire koloni pinèz. Yo dwe afiche fòm sa a 60 jou apre yo fin depoze Rapò Anyèl Pinèz la.

Ki enfòmasyon yo mande pwopriyetè yo pou yo depoze?

Yo mande pwopriyetè yo pou depoze dokiman sa yo sou jan aktivite pinèz yo ye nan imèb la ant premye (1^{ve}) Novanm 2020 ak 31 Oktòb 2021:

1. **Kantite Total Inite Lojman:** Kantite total inite nan imèb kolektif lan (menm si yo genyen oswa pa genyen moun).
2. **Kantite Inite Lojman Enfeste.** Kantite inite, jan yo yon lokatè te deklare oswa lòt jan pwopriyetè a te fè konnen li, ki te genyen yon enfestasyon pinèz pandan peryòd rapò a epi chak lane pou chak rapò apre yo.
3. **Mezi eradikasyon nan kantite inite lojman enfeste yo.** Kantite inite kote yo pran mezi eradikasyon yo te anplwaye pandan peryòd rapò a.
4. **Kantite inite lojman enfeste ankò.** Kantite inite yo te rapòte genyen enfestasyon pinèz apre metòd eradikasyon yo te aplike pou peryòd rapò a epi chak lane pou chak rapò apre yo.

Èske pwopriyetè yo bezwen ranpli yon Rapò Anyèl sou Pinèz menm si imèb lan pa genyen pinèz.
Wi.

Èske yo oblije pwopriyetè yo depoze yon rapò sou istorik enfestasyon pinèz pou chak inite lojman?
Yo mande pwopriyetè yo pou yo depoze yon rapò global sou istorik enfestasyon pinèz lojman kolektif yo ki genyen ladan li istorik enfestasyon pou tout inite - se pa yon istorik enfestasyon pou init lojman endividyèl.

Kisa ki dwe fèt si yon lokatè pa vle founi istorik enfestasyon pinèz.
Pwopriyetè a dwe anplwaye tout efò li pou li jwenn enfòmasyon sou tout inite yo.

Èske lotèl dwe depoze Rapò Anyèl sou Pinèz?
Wi.

Èske kowoperativ ak apatman kolektif yo dwe depoze Rapò Anyèl sou Pinèz?
Wi, si pwopriyetè kowoperativ ak apatman kolektif yo rete nan nenpòt inite yo. Pwopriyetè inite lojman yo dwe kolekte istorik enfestasyon pinèz pou nenpòt inite kowoperativ oswa apatman pwopriyetè a pa rete ladan li. Pwopriyetè inite lojman ta dwe konsa soumèt enfòmasyon yo ba konsèy administrasyon kowoperativ la oswa apatman an pou yo kapab soumèt youn nan istorik enfestasyon pou tout imèb la bay HPD.

Èske yon pwopriyetè kapab kreye yon kont kote li kapab konekte epi depoze Rapò Anyèl sou Pinèz nan kont sa a apre li konekte?
Wi.

Èske pwopriyetè yo kapab kreye pwòp resi pou depoze Rapò Anyèl sou Pinèz pou distribiye ba lokatè yo oswa afiche yo nan yon kote moun kapab wè? Non. Yo mande pou pwopriyetè yo distribiye oswa afiche li nan yon fòm elektwonik HPD te etabli.

Èske yo oblije pwopriyete yo distribye Rapò Anyèl sou Pinèz bay lokatè ki renouvle kontra yo oswa ki siyen yon kontra lokal ki pa itilize pou peryòd depo a? Yo mande pwopriyete yo pou founi istorik enfestasyon pinèz depi kòmansman kontra oswa renouvèlman kontra ki kòmanse **apre** yo fin soumèt Rapò Anyèl sou Pinèz la.

Kiyès yo dwe kontakte si genyen yon pwoblèm nan konplete Rapò Anyèl sou Pinèz oswa pou konsilte Sit sou Pinèz la? Yo kapab rapòte pwoblèm ki gen pou wè ak soumisyon dokiman nan yon imèl ba HPD nan enforcementdesk@hpd.nyc.gov.

Kisa ki ap rive si mwen pa depoze Rapò Anyèl sou Pinèz la? Yo ap remèt pwopriyete yo yon kontravansyon pou vyolasyon si li pa soumèt rapò a.

Sonje: Anrejistreman Pwopriyete

Rejis Pwopriyete an ap fini premye (1^{ve}) Septanm: si ou soumèt rejis ou an apre premye (1^{ve}) Septanm, HPD pral valide soumisyon w lan nan lòd li te resevwa li epi pi vit posib. Ou kapab ralanti nan kapasite ou pou depoze Demann Lisans, depoze sètifikasyon, elatriye. Tanpri asire ou soumèt rejis pwopriyete ou anvan dat limit pou sezon anrejistreman 2022-2023.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kimoun ki oblije anrejistre ak kijan pou anrejistre, ale nan [nan paj wèb HPD a](#) oswa kontakte Inite Asistans Enskripsyon an (Register@hpd.nyc.gov) oswa nan telefòn (212-863-7000).

Tanpri sonje biwo nou yo pa louvri aktyèlman la a pou asiste moun ki vin anrejistre san randevou akòz COVID-19 la.
